



Règleman pou Vizitè

Priyòrite Sant Medikal Boston (Boston Medical Center) se sekirite pasyan nou yo, anplwaye yo ak vizitè yo. Pou nou garanti bezwen pasyan nou yo pandan n ap asire nou ke nou gen yon lopital ki an sekirite, nou pral limite vizitè yo pou yo pa antre nan sèten zòn akòz COVID-19 la.

Inite pou Granmoun ki Entèn ak Inite Swen Entansif

- Pasyan ki nan swen medikal oswa ki nan swen chirijikal, ki gen rezilta tè COVID yo negatif yo ap gen dwa pou yo resevwa de (2) vizitè an menm tan, ant midi ak 8 è p.m.
- Pasyan rezilta tè COVID yo pozitif yo gen dwa pou yo resevwa yon vizitè alafwa, ak pèmisyon ekip laswenyay la.
- Pasyan ki malad anpil yo, nan tout seksyon anndan lopital la, ka resevwa vizitè 24 sou 24/7 jou sou 7.

Klinik k ap Mache bay Swen

- De (2) vizitè pou chak moun gen dwa vini pandan yon vizit klinik ki mache bay swen (ansanm ak Sant pou Kansè) oswa pandan yon vizit pou transfizyon.
- Okenn vizitè pa gen dwa al wè pasyan ki gen rezilta tè COVID pozitif yo. Si w te dyagnostike ak COVID 19 deja, tanpri avèti moun k ap ba w swen an avan w vini.

Pasyan ki entèn nan seksyon pedyatrik/Inite Swen Entansif pou Timoun ki fenk fèt

- Pou pasyan ki nan pedyatri yo, paran yo oswa responsab legal yo ka vizite yo 24 sou 24/7 jou sou 7.
- Pou pasyan ki nan Inite Swen Entansif pou Timoun ki fenk fèt yo, vizit gen dwa fèt 24 sou 24/7 jou sou 7 men se pou de (2) paran oswa de (2) responsab legal sèlman.

Tranche ak Akouchman

- Twa (3) moun gen dwa vini pou soutni yon pasyan pandan sejou l ap fè pou akouchman ak jou apre yo, pandan youn ladan yo kapab rete dòmi.
- Yon sèl vizitè gen dwa vini nan sal pòs-anestezi ak sal triyaj yo.

Depatman Ijans

- De (2) vizitè gen dwa vini men fòk yo jwenn otorizasyon enfimyè pasyan an.

Sèvis Chiriji

- Yon sèl vizitè gen dwa vini nan sal pòs-anestezi pou pwotèz peni an (PACU).

Pou tout Vizitè

- Tout vizitè ki poko gen 14 lane dwe toujou akonpaye ak yon granmoun.
- Tout moun ki malad oswa ki gen nenpòt sentòm (lafyè, tous, souf kout, gòj fè mal, frison, doulè nan misk oswa moun nan fenk kòmanse pa ka pran gou oswa pa ka pran sant anyen) pa gen dwa vin nan vizit.
- Tout vizitè ap jwenn yon mask chirijikal lè yo rive epi fòk yo mete li jiskaske yo kite bilding nan, menm jan yo dwe netwaye oswa dezenfekte men yo.
- Y ap mande pasyan yo pou yo mete mask yo pandan tout tan yo gen vizitè nan chanm yo.